



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyà:** 20 mas 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO AK KONGRÈSMANN MEEKS ANONSE YON SISTÈM PWOTEKSYON  
KÒT KONPLÈ BREEZY POINT, MANDE PRESE PRESE APWOBASYON FEDERAL POU  
YON PLAN \$58 MILYON**

***Yo Konsevwa Sistèm Baryè Din Doub ak Mezi Pwoteksyon Kont Inondasyon ak Ewozyon pou Fiti  
Siklòn***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mete ak Kongrèsman Gregory Meeks pou anonse yon plan \$58.2 milyon pou yon sistèm pwoteksyon konplè kont inondasyon konplè pou Breezy Point nan Queens. Gouvènè a ak Kongrèsman lan mande prese prese pou Federal Emergency Management Agency (FEMA) apwouve pwopozisyon an ki prezante jodi a bay FEMA pou konsiderasyon nan kad Hazard Mitigation Grant Program lan (HMGP).

“Sipè Ouragan Sandy te pote yon nivo dega san parèy nan Breezy Point, epi pandan n ap rebati apre trajedi a, nou dwe fè sa nan yon fason pou n pi solid pou nou ka fè fas ak fiti siklòn,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Plan sa ki devlope nan kominote lokal la, konsevwa pou l fè fas ak defi move tan yo, epi pral ede anpil nan kreye yon kominote ki gen mwens danje ak plis rezistans pase anvan. Mwen mande prese prese pou patenè federal nou yo ede nou pouse pwopozisyon sa.”

“Mwen kontan anpil pou m asosye ak Gouvènè Cuomo nan mande prese prese pou yo apwouve Hazard Mitigation Grant Program lan pou Breezy Point. Kominote sou kòt nou yo espoze ak nivo lanmè a kap monte ak ond siklòn kap vinn pi grav ki mete yon pakèt vi nan sitiyasyon danje dirèk,” te deklare Kongrèsman Meeks. “Mezi prevansyon sa yo pral sove vi moun, epi ede anpil nan pwoteje yon kominote ki te sibi gwo dega pandan Sipè Ouragan Sandy epi nan garanti kalte destriksyon sa pap rive ankò. Mwen rete kwè ak èd Gouvènè a, tout kominote nou yo sou Rockaway Peninsula pral soti anba lonbraj siklòn sa pi solid ak pi rezistan pase anvan.”

Breezy Point sitiye nan dènve pwent lwès Rockaway Peninsula nan katye Queens, li te sibi gwo dega pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy. Vag Oseyan Atlantik tap frape pandan dlo ki tap monte te rantre anndan kominote a apati Jamaica Bay. Siklòn lan te fè dega tou nan rezo kouran elektrik, ak entensèl dife ki te boule 135 kay. Anjeneral, apeprè 350 kay te kraze nèt apre pasaj Sandy, plis pase 10% nan ozanviwon 2.700 kay ki genyen nan kominote a.

Sistèm din yo pwopoze a, ki tap kenbe din ki la deja sou bò Atlantik pwopriyete Koperativ lan, pral bay pwoteksyon kont inondasyon ak ewozyon natirèl grasa resous natirèl zòn lan. Plan gen ladann yon sistèm din doub sou bò oseyan ak ansanm pwoteksyon konplemantè kont inondasyon ak ewozyon ki la pou pwoteje kominote a kont fiti siklòn. Din la pral fèt pou sipòte fòs yo ki asosye ak yon sezon inondasyon sou 100- lane jan sa ekri sou dènye kat FEMA yo ak danje yo prevwa pou nivo lanmè a monte (2.58 pye) nan kote sa pandan dire pwojè a. Sa pral founi pwoteksyon alontèm dirab san nesese anpil antretyen. Pri yo kalile pou sistèm din doub la se \$20.6 milyon. Anpil nan pwojè NY Rising Community Reconstruction Committee Breezy Point lan adopte yo pral travay ansanm ak sistèm pwoteksyon kòt konplè ki pwopoze yo pou pi byen pwoteje kominote sa.

Mezi sa yo pral konplete, sou kòt bè nan Breezy Point ak Roxbury a, ak konstriksyon mi ak dig sou bè ki fè prè yo nan konbat alafwa inondasyon ak ewozyon. Pri yo kalkile pou pwoteksyon bè a se \$37.6 milyon.

### **Rezime HMGP a**

Pandan pwosesis rekiperasyon ak rekonstriksyon an apre yon sitiyasyon katastwòf federal tankou Sipè Ouragan Sandy, FEMA bay lajan HMGP pou eta yo ka jere pwogram sibvansyon ki diminye vilnerablite lavi ak pwopriyete yo nan fiti katastwòf.

Pwogram sibvansyon an gen kòm objektif ogmantasyon rezistans Eta a, diminisyon risk pèt ak domaj ki asosye ak katastwòf natirèl fiti, epi diminisyon malè. Bourad lajan FEMA ranbouse 75% frè pwojè ki kalifye.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418